

Family Education Sheet

Kesyon moun poze souvan konsènan vaksen COVID-19



Boston Children's Hospital

View more health education materials at
www.bostonchildrens.org/familyeducation

Nan Lopital pou Timoun Boston an, n ap travay di pou byen asire preparasyon nou pou bay vaksen COVID-19 la a pasyan yo kou sa annik posib. Fèy sa a bay kèk enfòmasyon sou sa nou konnen kounye a sou vaksen yo nan moman sa a (kòmansman Janvye 2021).

Kilè pitit mwen an pral kapab pran vaksen COVID-19 la?

Nan pwen sa a, nou pa ka bay yon dat egzat, pou 2 rezon prensipal:

1. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC) ak gouvenman eta Massachusetts la fè konnen men ki gwoup moun ki ta dwe pran vaksen an epi nan ki lòd. Nan Massachusetts (ak nasionalman), yo bay vaksen an a moun ki ap travay nan bay swen sante yo anpremye epi granmoun aje k ap viv nan mezon retrèt yo. Kou nou ka annik bay pasyan yo vaksen an, nou ap pare pou fè sa.
2. FDA otorize 2 vaksen ki diferan. Gen lòt konpayi ki fè vaksen tou, e li posib pou yo otorize itilize plis vaksen. Jiskounya, pa gen okenn vaksen yo te otorize pou timoun ki gen mwens pase 16 lane. Nou pral kapab bay vaksen COVID-19 la a timoun ki pi piti yo depi yo apwouve yo pou laj sa yo.

Èske vaksen COVID-19 la san danje pou timoun yo?

Done nou te wè yo ba nou konfyans vaksen yo otorize pa Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) yo san danje pou laj ki anndan otorizasyon an. Yo otorize itilize Vaksen Pfizer a sou moun ki gen 16 lane ak plis epi yo otorize itilize vaksen Moderna a sou moun ki gen 18 lane oswa plis.

Yo etidye pifò nouvo medikaman ak vaksen yo sou granmoun yo anpremye, kidonk premye otorizasyon pou vaksen yo pa gen ladan timoun ki poko gen 16 lane. Konpayi yo te kòmanse etidye vaksen yo sou timoun ki pi jèn yo, epi pral gen plis enfòmasyon sou sekirite yo ak efikasite li sou timoun yo. Trè raman, gen kèk moun ki te gen reyakson alèjik a vaksen yo, yon bagay yo ka trete.

Èske gen efè segondè apre ou fin pran vaksen COVID-19 la?

Nan granmoun yo, sentòm ki rive pi souvan an apre yo fin pran vaksen an se yon tèt fè mal lejè ki vin pase, doulè nan misk oswa fatig epi pafwa yon lafyèv ki ba. Bagay sa yo anjeneral pa dire plis pase yon jou osinon de jou.

Èske vaksen COVID-19 la san danje pou timoun yo?

Nan granmoun yo, Vaksen FDA otorize pou kounya yo efikas jiska 95% pou anpeche COVID-19. **Sa a se yon nivo pwoteksyon trè wo ak yon rezulta ki trè ankourajan.** Kounya nou fin konnen yo san danje epi yo efikas nan granmoun yo, etid yo te kòmanse gen ladan timoun ki pi jèn

yo, epi nou pral kapab di si yo efikas nan timoun yo menm jan ak granmoun yo lè yo fin fè etid sa yo.

Èske mwen ta dwe enkyete m sou fason vaksen sa yo te kreye byenvit la?

Non. Rezon ki fè vaksen COVID-19 yo te kapab fèt byenvit se paske gouvenman an bay lajan anplis pou sipòte rechèch la ak pwodiksyon an. **Kalite esè yo ak revizyon sekirite a epi efikasite vaksen COVID-19 yo pa chanje nan pwosesis nòmal yo.**

Kòman pou mwen konnen lè pitit mwen an kalifye pou pran vaksen an?

Nou bezwen jwenn yon "pèmisyon" ofisyèl nan men FDA, CDC ak gouvenman Eta a. Nan Lopital pou Timoun Boston an, nou deja ap travay pou idantife pasyan ki nan gwoup ki gen plis risk yo pou nou ka an kontak byen vit pou lè nou ka kòmanse vaksinen pasyan nou yo. **Tanpri tcheke sit entènèt nou an pou dènye enfòmasyon yo.**

(<http://www.childrenshospital.org/covid>)

Ki kote pitit mwen an pral pran vaksen an?

Plan Lopital pou Timoun Boston yo pou fè kanpay vaksinasyon COVID-19 la pou pasyan nou yo, se menm jan nou fè pou vaksen kont grip chak ane a. Li posib pou vin gen lòt kote ki pi pre lakay ou k ap gen pou bay vaksen an, tou. Ou pral jwenn yon dosye vaksen pou ou ka pote al lakay ou.

Konbyen dòz pitit mwen an ap bezwen?

Yo bay vaksen Pfizer a an 2 dòz, dezyèm dòz la bay sou 3 semèn aprè premye a. Yo bay vaksen Moderna a an 2 dòz, dezyèm dòz la bay sou 4 semèn aprè premye a. alafen, pètèt pral gen lòt vaksen ki disponib ak orè diferan.

Aprè pitit mwen an pran yon vaksen COVID-19, èske nou ka sispann mete mask?

Non. Rekòmandasyon mete mask yo dabò ap rete menm jan an. **Pi gwo Avantaj pran vaksen an se pou pwoteje kont maladi ki grav nan COVID-19.** Swa wi ou non vaksen an anpeche moun gen COVID-19 san sentòm epi gaye li bay lòt moun yo toujou ap etidye li jiskounya. Epitou, li pral pran yon bon bout tan pou yo vaksinen ase moun pou ka anpeche viris la gaye.

Konbyen vaksen an ap koute mwen?

Dapre CDC, dòz vaksen ki achte ak dola kontribyab Ameriken yo yo pral bay Ameriken yo li gratis. Sepandan, founisè vaksen yo ka mande yon frè administrasyon pou bay piki a.